# BAS MAQALA

## МӘНАЎИЯТ ӨМИРИМИЗГЕ КҮШЛЕРДИ БАҒЫШЛАЙТУҒЫН УЛЛЫ ҚӘДРИЯТ

**А.К.Пазылов –** *педагогика илимлериниң кандидаты, профессор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

2023-жыл 22-декабрь күни Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтың Мәнаўият ҳәм ағартыўшылық кеңесиниң кеңейтилген мәжлисинде “Мәнаўият өмиримизде жаңа күш, жаңа ҳәрекетке айланыўы керек” атамасында шығып сөйлеген сөзин оғада үлкен қызығыўшылық пенен тыңладым. ”Еркин Қарақалпақстан” газетасы арқалы (26-декабрь 2023-жыл №154-156 (21020) өз еситкенлеримди толықтырдым.

Бул мәжлиске Олий Мәжлис ҳәм Министрлер Кабинети басшылары, ҳүрметли депутат ҳәм сенаторлар, министрлер, ҳәкимлер менен бирге миллий мәнаўиятымыздың белсендилери, мәдения, әдебият ҳәм көркем өнер тараўы ўәкиллери қатнасқан. Ҳәммемизге мәлим болғанындай Ҳүрметли Президентимиз Ш.М.Мирзиёев усы Кеңестиң баслығы, ал Қарақалпақстан Республикасы ҳәм ўалаятлардағы биринши басшылар бул мәселе ушын жуўапкерлерден саналады. Президентимиздиң атап өткениндей бундай жолды тутыўдың тийкарғы себеплериниң бири, республикамызда ...”Илим, билимлендириў ҳәм тәрбия, мәнаўият биз ушын әҳмийетли мәселе есапланады”.

Баянатта Жаңа Өзбекстанды, Үшинши Ренессансты қурыў ушын әмелге асырылып атырған әмелий жумысларға, оның материаллық-техникалық базасын беккемлеў ислерине, мәмлекетимизде жаңадан-жаңа заманагөй санаат ҳәм энергетика комплексериниң, автомобил ҳәм темир жоллардың, технопарк ҳәм IT парклердиң, “ақыллы” ҳәм электрон системалары қурылысының жедел пәт пенен раўажланып атырғанлығына мәжлис қатнасыўшыларының айрықша итибарын қаратты. Сондай-ақ, мәмлекетимизде болып атырған өзгерислер, мектеп, мектепке шекемги билимлендириў, жоқары билимлендириў, спорт, туризм, медицина тараўларындағы жетискенликлерде өз сәўлелениўлерин тапты.

Деген менен дүньяда болып атырған қурамалы процесслер, сөйлесиўлер, бир-бирлерин түсинисиўлер нәтийжесинде унамлы шешимин табыўы мүмкин болған мәселелер, гейпара мәмлекетлерде урыс қуралларынан пайдаланыў, күш көрсетиў, еки жақтың бир-бири менен болған урысларынан мәпленип қалыў, интернет тармақларынан анық болмаған, жалған мағлыўматларды тарқатыў ҳәм басқа да усыған уқсас ис-ҳәрекетлер кем-кемнен ҳәўиж алып атырғанлығы ҳәммемизге белгили.

Президентимиз “...бундай кең көлемли ҳәм оғада қарама-қарсылықлы процесслердиң тәсири Орайлық Азия регионы ҳәм оның қурамлық бөлеги болған мәмлекетимизди де шетлеп өтпей атыр”ғанлығын билдирип өтти. Жәнe де, дүньядағы узақ-жақын барлық мәмлекетлер менен өз ара пайдалы байланысларды раўажландырыўға ҳәрекет етип атырғанлығын билдирди.

Президентимиз тәрепинен “...биз ҳәзирги кескин шараятта идеялық-идеологиялық тараўда бәсекиге таярмыз ба? Жас әўладларымыздың тәрбиясы қурамалы заман талапларына жуўап берип атыр ма?” деген сораўлары ойландырарлық сораўлар. Бул сораўларға Қарақалпақстанда жасаўшы ҳеш биримиз 100 % таярмыз, жасларымыз заман талапларына 100% жуўап береди деп исенимли түрде айта алмаймыз. Себеби, халықтың басым көпшилиги ғалаба хабар қураллары болған газета-журналларды, руўхый азығына айналған әдебий шығармаларды оқыўдан әллеқашан жырақласып кетти. Ҳәзир оқыў орынларының айрым басшы лаўазымындағы хызметкерлери, мектеп директорлары, басқада кәрханаларды, мәкемелерди басқарып отырған лаўазымлы шахслар газета-журналларға жазылыўды ерси көре баслады. Буның айқын мысалы ретинде 2023-жыл декабрьдеги Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Министрлер Кеңесиниң газетасы болған “Еркин Қарақалпақстан”ның тиражы 381 (Халықтың санын 2 млн.деп дөңгелеклеп алғанымызда орташа 5249 адамға бир газетадан) дана, ал Келешегимиз болған Жаслардың жәмийетлик-сиясый газетасы “Қарақалпақстан жаслары”ның 248 (Бул орташа 8064 адамға бир газетадан) дана болып шыққанлығын көрсетип өтиўимиз мүмкин. Күнделикли баспа сөз өнимлерине, китапқа усындай суўыққанлық пенен қарай берсек “келешекте бизлерденде жадидшилер шығады” дегенге ким исенеди?

Дурыс, Өзбекстанда мәнаўиятты раўажландырыўға байланыслы бирқанша жумыслардың әмелге асырылғанлығын бийкарлап болмайды. Мәнаўият ҳәм ағартыўшылық орайы системасындағы хызметкерлердиң саны еки есеге артып, мәнаўият ҳәм дөретиўшиликти қоллап-қуўатлаў ушын ҳәр жылы 45 миллиард сум қаржы ажыратылып, көплеген иләжлар өткерилип атыр. 200 мыңға шамалас атамадағы китаплардың халыққа бийпул тарқатылғанлығын, 11 мыңнан аслам медиа өнимлериниң таярланғанлығын, бул бағдардағы жумысларды еле де раўажландырыў ушын 2024-жылдан баслап ҳәр жылы 100 миллиард сумнан қаржы ажыратылатуғынлығын, миллий дәстүрлеримиздиң қәстерленип ҳәм байытылып атырғанлығын, 11 жаңа музейдиң, 2 театрдың, 28 балалар музыка ҳәм көркем өнер мектебиниң, 5 жоқары билимлендириў шөлкеминиң жаңадан иске түсирилгенлиги, әлбетте қуўанышлы жағдайлардан саналады.

Әсиресе, ЮНЕСКО Бас конференциясы 40 жылдан берли тек Парижде өткерилетуғын болса, 2025-жылы усы конференция сессиясының Самарқандта өткерилиўи белгиленгенлиги кимди болса да толғандырмай қоймайды. Президентимиздиң атап өткениндей 100 томлық “Түркий әдебият дүрданалары”, 30 томнан ибарат “Ғәрезсизлик дәўири Наўайытаныўшылығы”, “Қарақалпақ әдебияты дүрданалары”, “Мәрт әскерге саўға” сыяқлы әдебий топламлар мәнаўий турмысымызда әҳмийетли ўақыя болды”.

Деген менен исленген унамлы жумыслар, әмелге асырылған жоқары көрсеткишлер бул тараўдағы мәселени толық шешип болдық деген мағананы аңлатпайды. Соның ушында Президентимиз Ш.М.Мирзиёев усы ўақытқа шекем барлық талқыланған мәселелер менен толық танысып шыққан ҳалда алдымызда турған бир қатар әҳмийетли ўазыйпаларды белгилеп өтиўди де мақул деп есаплады.

Олардан бири, мәнаўият ҳәм мәдения тараўындағы жумысларымыз ушын методикалық тийкар болып хызмет ететуғын миллий идеямызды раўажландырыў бойынша айрықша бағдарламалық ҳүжжет ислеп шығыў зәрүрлиги саналады. Себеби, бул мәселе жаңа редакциядағы Конституциямыздың қабылланыўы менен байланыслы мәселелерден бири есапланады. Демек, жаңа редакциядағы Конституциямызда көрсетилген талапларды мәнаўият ҳәм мәдения тараўындағы жумысларымыз ушын тийкарғы бағдарға айландырғанымыз мақсетке муўапық келеди. Егерде усы дүзилетуғын бағдарлама тийкарында унамлы жумыслар әмелге асырылса, онда диний исеним нықабы астында жасларды ағартыўшылыққа емес, ал, жаўызлыққа баслаўшы адамлардың саны кескин кемейиўи мүмкин.

Келеси ўазыйпа сыпатында, мәдений-ағартыўшылық тараўындағы жумысларды жаңа басқышқа көтериўде ҳәкимлердиң жуўапкершилигин кескин арттырыў зәрүрлиги көрсетилген. Бул ўазыйпаның қойылыўына тийкар сыпатында көпшилик ҳәкимлердиң өзлери басшылық етип атырған аймақтағы мәнаўий тәрбия жумысларын өз ҳалына таслап қойғанлығы атап өтилген. Мениң пикиримше, олар бундай жуўапкершиликли ўазыйпаларды орынлаўы ушын өзлери күнделикли

басылымларда жәрияланып атырған мәнаўият, мәденият, руўхый-әдеп-икрамлылық ҳаққындағы мақалаларды оқып барыўлары, олардың ишиндеги ең бир ибрат аларлық мақалалар болса, оны қарамағындағы басшылардан мәкемелеринде додалаўды усыныс етиўлери мақсетке муўапық келеди. Тилекке қарсы, ҳәкимлер тәрепинен өткерилип атырған мәжлислерде бундай мәселелерден өзлерин аўлақ тутыўға ҳәрекет етеди. Анығырақ етип айтқанда Президентимиз Ш.Мирзиёевтиң баянатында атап өтилген, Өзбекстан халық шайыры Иқбал Мырзаның “Жәдидлер” қосығын елбасшымыз айтып өткенинен кейинде оқымаған ҳәкимлер табылады деп исенимли түрде айта аламан. Ал, 1980-1990-жыллар аралығында Қарақалпақстан обкомының қарары менен гейпара ибрат аларлық мақалалардың барлық мәкеме ҳәм шөлкемлерде додаланғанлары еле есимде...

Үшиншиден, жасларымызды миллий ҳәм улыўма инсанийлық идеялар тийкарында тәрбиялаўда мәденият тараўы, атап айтқанда, театр көркем өнериниң айрықша орын ийелейтуғынлығы атап өтилген. Бул ўазыйпаны әмелге асырыў ушын жаңа спектакллерге буйыртпа бериў, оларға мәмлекет тәрепинен қаржы ажыратыўлар менен бирге, барлық кәрхана ҳәм мәкемелерде айдың бир күни “Театр күни” деп жәрияланып, ҳәкимлердиң театрларға барыўын жолға қойыўды ойлағаны оғада мақул, қонымлы пикирлерден саналады.

Бундай ибратлы ислерди әмелге асырыўда оқыў орнының басшыларыда белсендилик көрсете билгени жөн болады. Себеби, жасларымыз миллий ҳәм улыўма инсанийлық идеялар менен оқыў орынларында, оқыў ҳәм тәрбия процесслеринде танысып баслайды. Деген менен гейпара орта арнаўлы оқыў орны басшыларының өзине тийисли болған есабатты ямаса баянатты дурыслап таярлай алмайтуғынлықлары олардың пүткиллей оқыў-тәрбия жумысларынан жырақта екенлигин көрсетеди. Мәселен 2023-жыл ноябрь айының ахырларында болып өткен Илимий кеңесте институтымызға бириктирилген Кегейли хызмет көрсетиў техникумы директорының “...техникумдағы оқыў процесиниң дурыс шөлкемлестирилиўи ҳәм билимлендириў сыпатын тәмийинлеў бойынша” алып барып атырған жумысларын тыңлап көриў ушын күн тәртибине киргизилди. Бирақ директор өз баянатын бир минутқада жеткермеди ҳәм “мен болдым, сораўлар болса...” деп турып алды. Белгиленген мәселе бойынша бир аўыз сөз айтылмады. Оны декабрь айында таярланып келедиғой деп және күн тәртибине киргизди. Баяғысы баяғы болды. Усыннан кейин биз өз пикиримизди билдириў ўақтында “Кегейлиде ким болса сол директорлық лаўазымға қойыла береди екен” деген өз жуўмағымызды айтып өтиўге мәжбүр болдық. Және де директоры усындай болса, муғаллимлериниң аўҳалы қандай екен, оқыўшылары ше...деген сораўларға өзимизше жуўап изледик.

Төртинши ўазыйпа, мәдений дем алыў системасын жетилистириў, халықтың бос ўақтын мазмунлы өткериўге бағышланады. Президентимиздиң бул ўазыйпаны әмелге асырыў ушын келеси жылдан, яғный 2024-жылдан баслап ҳәр бир районда сахналы зал, китапхана, кинозал ҳәм дөгерек ханалары болған биреўден мәденият орайларының қурып питкерилиўин атап өткени қуўанышлы жағдай болып есапланады. Деген менен ҳәкимияттағы жуўапкер шахслар усы мәселениң әмелде орынланыўы ушын жан күйдирмесе нәтийжеси көзге көринбеўи мүмкин. Мысал ретинде жақында баслаўыш тәлим факультетине Тахтакөпир районының руўхый-ағартыўшылық ислерине жуўап бериўши бир жигиттиң келип азғана баянат жасағанын көрсетиўимиз мүмкин. Ол өз тараўы бойынша район көлеминдеги жетискенликлерине тоқталып өтти, бирақ, бизиң “районда неше китапхана, неше дәрихана бар” деген сораўымызға дурыслы жуўап бере алмағаны бизлерге ерсидей түйилди.

Ал, бос ўақытты мазмунлы өткериўдиң ҳәр кимниң өзинеде байланыслы жерлери бар. Ҳәзирги ўақытларда бос ўақыт тапса биреўлер уйықлап алыўды, биреўлер телефон шуқлаўды үрдиске айландырған. Ал, ҳақыйқатында болса, аз-аздан болсада ўақытты үнемлеп барып, оннан өнимли пайдалана билиў – бул барлық үнемлеўдиң тийкары саналады.

Дурыс, өмирдиң көзди ашып-жумғанша өтип кететуғынлығы сияқлы, ўақытта, бос ўақытта сен дурыс пайдалансаңда, дурыс пайдаланбасаңда зымырап өте береди. Бос ўақыттан дурыс пайдаланыў болса, ҳәр бир адамның денсаўлығының беккем болыўына, мәдений дәрежесиниң жоқарылаўына, физикалық жақтан шыныққан болыўына тийкар жаратып береди. Ал, керисинше бос ўақытлардан дурыс пайдаланбаў адамның денсаўлығының нашарлаўына, мәдений дәрежесиниң ҳәм руўхый раўажланыўының кәмбағалласыўына алып келеди. Соның ушында, бул ўазыйпаны инабатлы түрде орынлаў ислерине Республикамыздың оқытыўшыларында өзлериниң үлгили ислери, үгит-нәсият жумыслары менен үлес қосса ҳәммемиз ушында пайдалы болады.

Мақам ҳәм бақсышылық көркем өнерин раўажландырыў, бар атқарыў ҳәм дөретиўшилик мектеплерин, бул бағдардағы дәстүрлерди илимий тийкарда үйрениў ҳәм қайта тиклеў жумысларын және де күшейтиў ҳаққындағы бесинши ўазыйпада халқымыз күткен ўазыйпалар қатарынан орын алады. Себеби, қарақалпақ халқының 100 томнан зият, еле де бирнешше томларға жетерлик фольклорлық материаллары әйне усы бақсышылық, жыраўшылық, қыссаханлық өнери менен шуғылланған халық пидайыларының аўыздан аўызға жеткерип келген тынымсыз мийнетлериниң нәтийжеси деп исенимли түрде айта аламыз. Өз ўақтында фольклорлық материалларды еринбестен жазып алған Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими, Тарийх, тил ҳәм әдебият илим-изертлеў институты хызметкерлерине өз миннетдаршылығымызды билдирсек арзыйды деп есаплайман.

Музыка ҳәм аяқ ойын көркем өнерин, халықаралық майданда өзбек мәдений дипломатиясын, кино тараўын, сүўретлеў ҳәм әмелий көркем өнер тараўын раўажландырыўға бағдарланған алтыншы, жетинши, сегизинши ҳәм тоғызыншы ўазыйпаларда халқымыздың әзелден күткен әрманларының иске асыўына түртки болатуғын ўазыйпалар қатарынан орын алады. Әсиресе, мәмлекетимизде китапқумарлық оқыў мәдениятын жетилистириў тараўындағы усыныслар тийкарлы усыныслардан саналады.

Усы орында Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лаўреаты, филология илимлериниң докторы, профессор, марҳум Кеңесбай Алламбергеновтың таңламалы шығармаларының Қырғызстан-Туркия Манас университети доценти, филология илимлериниң кандидаты Ердал Айтоғмуш тәрепинен изертленип, “Bengu Publications” баспасы тәрепинен түрк тилинде китап болып баспадан шығарылғанлығыда қуўанышлы көринислердиң бири деп санағанымыз орынлы болады. Автордың мәлим етиўинше бул китап Туркия Республикасының 100 жыллығы мүнәсибети менен 2023-жылдың декабрь айында жарық көрген. Мағлыўмат орнында айтып өтиўимиз керек, буннан алдын усы автор тәрепинен қарақалпақ халық ертеклери түрк тилине аўдармаланып, китап болып баспадан шығарылған.

Жуўмақлап айтқанда, мәнаўиятымызға байланыслы жаңа ҳәрекетлердиң басланғанлығы кимди болса да қуўанышқа бөлейди. Себеби, мәнаўиятымызды раўажландырыў арқалы жасларымыз, (соның ишинде үлкен жастағыларда) өзлериниң руўхый раўажланыўының телефонда емес, ал, ғалаба-хабар қуралларында, китапларда, мәдений орынларда екенлигин түсинип жетеди. Әсиресе, олардың мәдений раўажланыўымыздың биринен саналған баспа сөз өнимлерин оқыўға болған қызығыўшылықлары күннен-күнге артып барады. Әне, сондай ўақытларда халық ертеклери, илимпазларымыздың мийнетлери шет тилинен қарақалпақ тилине қайтадан аўдарма жасалады.